



Avi anyèl FERPA pou ane lekòl 2025-2026 la

Lwa sou dwa pou edikasyon ak vi prive fanmi (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA) se yon lwa federal ki bay paran ak elèv kèk dwa ki anrapò avèk dosye edikasyon elèv ak nenpòt enfòmasyon ki ka idantifye pesonèlman (personally identifiable information, PII) ki nan dosye sa yo. Si w se yon elèv ki gen laj 18 ane oswa pi gran (yo rele tou elèv ki elijib), dwa sa yo se pou ou. Si w gen mwens pase laj 18 ane dwa sa yo se pou paran w.

Anrezime, FERPA bay dwa pou:

1. Enspekte ak revize dosye edikasyon nan yon delè 45 jou.

Ou dwe voye yon demand alekri (fòm pou mande dosye elèv disponib [sou entènèt](#)) pou dosye edikasyon yo bay direktè a. Lè yo verifiye idantite w ak otorizasyon pou resevwa demand dosye yo, NYCPS pral oswa ba ou yon kopi dosye yo oswa fè aranjman sou ki lè ak ki kote ou ka vin revize demand dosye yo.

2. Mande pou yo fè chanjman nan dosye edikasyon lè ou kwè yo pa egzat, yo gen konfizyon oswa lè yo vyole dwa sou respè vi prive elèv dapre FERPA.

Ou dwe voye yon demand alekri (yo aksepte imèl) ba direktè a pou dekri ki dosye ou vle yo chanje, poukisa ou kwè enfòmasyon yo pa egzat, gen konfizyon, oswa vyole dwa sou vi prive elèv, epi chanjman ou pwopose yo. Si NYCPS decide pa chanje dosye edikasyon jan w te mande l la, w ap gen pou resevwa enfòmasyon sou kòman pou ale ann apèl pou desizyon yo pran an epi mande yon odisyon.

3. Bay konsantman alekri avan yo divilge enfòmasyon pèsònèl ki ka pèmèt yo idantifye elèv (PII) nan dosye edikasyon l.

Sepandan, nan kèk ka, FERPA pèmèt yo divilge enfòmasyon san konsantman paran. Egzanp lè yo ka divilge PII elèv la san konsantman:

- Bay ofisyèl lekòl ki gen yon enterè akademik lejitim nan enfòmasyon an.
- Lè yon elèv enskri oswa transfere nan yon lòt lekòl, distri oswa enstitisyon edikasyon.
- Bay ofisyèl gouvènman ki gen otorizasyon pou fè odit oswa evalyasyon.
- Lè sa anrapò avèk aplikasyon èd finansye pou elèv.
- Bay òganizasyon k ap reyalize etid pou, oswa nan non NYCPS.
- Bay paran elèv ki gen laj 18 ane ak plis si elèv la se yon depandan pou kesyon taks Sèvis revni entèn (Internal Revenue Service, IRS).
- Pou ka an konfòmite avèk lòd lajistis oswa yon asiyasyon pou konparèt yo fè legalman.
- Bay ofisyèl apwopriye lè gen yon ijans sante oswa sekirite.
- Lè NYCPS mete kèk tip PII kòm "enfòmasyon anyèl". NYCPS gen règleman ki limite pataj enfòmasyon anyèl, ladan ki tip enfòmasyon yo ka mete kòm enfòmasyon anyèl ak kiyès ki ka resevwa enfòmasyon an. Ou gen dwa pou refize yo pataje PII elèv ou a kòm enfòmasyon anyèl.



4. Pote yon plent ba Depatman edikasyon Etazini si w panse NYCPS pa respekte egzijans FERPA yo. Ou ka pote plent la a:

Student Privacy Policy Office
U.S. Department of Education
400 Maryland Avenue SW
Washington, DC 20202- 8520
oswa pa imèl nan FERPA.Complaints@ed.gov

5. Resevwa avi dwa ou genyen dapre FERPA.